

**JEJODHOAN SAJRONE CERBUNG ENTING ENTING ANGGITANE A. SOETARNO
(TINTINGAN SOSIOLOGI-ANTROPOLOGI)**

Arum Fara Sintuni

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra daerah, FBS, UNESA dan aerumaeyum@yahoo.com

Pembimbing

Dra. Suwarni, M.Pd

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

Abstrak

Crita sambung *Enting Enting* anggitané A. Soetarno narik kawigaten kanggo diteliti awit ngandhut bab-bab ngenani jejodhoan. Jejodhoan sajrone cerbung kasebut uga ora bisa uwal saka pangaribawane kulawarga lan kapitayan Jawa. Anane perangan kasebut nduduhake yen adat lan tradhisi Jawa tansah diugemi dening bebrayan Jawa. Prakara kasebut cocog yen diteliti kanthi tintingan sosio-antropologi. Panliten iki bakal dadi wangsulan saka underan panliten yaiku: kepriye struktur pamangune cerbung EE, kepriye wujud jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, kepriye pangaribawane kulawarga tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, kepriye pangaribawane kapitayan Jawa tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat. Ancas panliten iki yaiku: ngandharake struktur pamangune cerbung EE, ngandharake wujud jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, ngandharake pangaribawane kulawarga tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, ngandharake pangaribawane kapitayan Jawa tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat.

Panliten iki kalebu panliten dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang digunakake arupa teks cerbung *Enting Enting* anggitané A. Soetarno lan cacahé 17 seri. Dhata kang digunakake arupa tembung, ukara arupa cecaturan utawa naratif kang nggambarake jejodhoan ing cerbung *Enting Enting*. Tata cara analisis dhata nggunakake metodhe hermeneutika kanthi cara nglumpukake dhata, nglasifikasi dhata, nafsirake dhata kang wis diolehake kanthi andharan. Instrumen korpus dhata dadi srana kanggo nlumpukake dhata.

Asile panliten iki yaiku, kang kapisan ngenani tema kang ana yaiku ngenani jejodhoan. Paraga kang nindakake lan mangaribawani jejodhoan yaiku Suntoro, Siska, Suranti, Darmono, Wong tuwane Suranti, Bu Mintro, Mbah Slamet lan Mbah Gonda. Wujud jejodhoan kang ana yaiku milih jodho, nyuwun pangestu, lamaran, nemtokake dina becik, persiapan acara mantu, ijab kabul lan temu manten. Pangaribawane kulawarga tumrap jejodhoan yaiku nggolekake jodho, paring pangerten kanggo jejodhoan, paring pangestu kanggo jejodhoan. Pangaribawane kapitayan tumrap jejodhoan yaiku percaya marang dhukun lan percaya ilmu petungan.

Tembung wigati: jejodhoan

Abstrak

Cerita bersambung *Enting Enting* karya A. Soetarno menarik perhatian untuk diteliti sebab mengandung bab-bab mengenai perjodohan. Perjodohan didalam cerbung tersebut juga tidak bisa lepas dari pengaruh keluarga dan kepercayaan Jawa. Adanya bagian tersebut menunjukkan kalau adat dan tradisi Jawa selalu dipegang teguh oleh masyarakat Jawa. masalah tersebut cocok kalau diteliti dengan kajian sosio-antropologi.

Penelitian ini akan menjadi jawaban dari rumusan masalah yaitu: bagaimana struktur pembangun cerbung EE, bagaimana bentuk perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat, bagaimana pengaruh keluarga terhadap perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat, bagaimana pengaruh kepercayaan Jawa terhadap perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat. Tujuan penelitian ini yaitu: menjelaskan struktur pembangun cerbung EE, menjelaskan bentuk perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat, menjelaskan pengaruh keluarga terhadap perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat, menjelaskan pengaruh kepercayaan Jawa terhadap perjodohan didalam cerbung EE dan kenyataan di masyarakat.

Teori sosio-antropologi yang digunakan penelitian ini selaras menurut pendapat Harsojo dan Endraswara. Berdasarkan hasil penelitian, supaya tidak berpindah dari penelitian sosio-antropologi dibutuhkan struktur pembangun cerita yang paling dominan yaitu tema dan tokoh.

Penelitian ini termasuk penelitian deskriptif kualitatif. Sumber data yang digunakan berupa teks cerita bersambung *Enting Enting* karya A. Soetarno dan jumlahnya ada 17 episode. Data yang digunakan berupa kata, kalimat berupa percakapan atau naratif yang menggambarkan perjodohan di cerita bersambung *Enting Enting*. Tata cara analisis data menggunakan metodhe hermeneutika dengan cara mengumpulkan data, mengklasifikasi data, menafsirkan data yang sudah diperoleh dengan penjelasan. Instrumen korpus data untuk membantu mengumpulkan data.

Hasil penelitian ini yaitu, yang pertama mengenai tema yang ada yaitu mengenai perjodohan. Tokoh yang melakukan dan mempengaruhi perjodohan yaitu Suntoro, Siska, Suranti, Darmono, Orang tua Suranti, Bu Mintro, Mbah Slamet dan Mbah Gonda. Bentuk perjodohan yaitu memilih pasangan hidup, meminta restu, lamaran, menentukan hari baik,

persiapan acara mantu, ijab kabul dan temu manten. Pengaruh keluarga terhadap perjodohan yaitu mencarikan jodoh, memberikan pengertian untuk perjodohan, memberikan restu untuk perjodohan. Rumusan terakhir yaitu pengaruh kepercayaan terhadap perjodohan dibagi menjadi dua, yaitu percaya terhadap dukun dan percaya ilmu *petungan*.

Kata kunci: perjodohan

PURWAKA

Sastra mujudake asiling cipta, rasa, lan karsane manungsa. Teges ngenani sastra nganti dina iki ora bisa dipesthekake endi kang bener lan pener, gumantung saka endi punjering pamikir. Reriptan sastra mujudake karya kang asipat endah. Sastra minangka asil daya cipta, kreativitas, lan imajinasine pangripta kang ora bisa uwal saka panguripane manungsa. Kabeh iku dumadi awit anane pengalaman uripe pangripta minangka manungsa kang urip ing satengahe bebrayan. Prakara-prakara kang ana ing sakiwa tengene bebrayan didadekake perangan sajrone carita banjur diarani karya sastra.

Karya sastra ora mung saka pamikire pangripta wae, nanging karya sastra uga dadi pangaribawane bebrayan. Prakara-prakara kang durung bisa diwujudake ing kasunyatan bisa diandharake sajrone karya sastra. Reriptan sastra kang diripta kudu bisa ngandharake babagan kang durung ana kasebut marang bebrayan. Karya sastra bisa dadi kaca pangilon kanggo bebrayan, awit prakara-prakara kang diandharake padha kaya kang ana sajrone bebrayan.

Andharan ing ndhuwur cundhuk karo pamawase Aristoteles (sajrone Ratna, 2013:1) yen pengarang ora mung njiplak kasunyatan, nanging minangka proses kreatif pengarang karo gegondhelan marang kanyatan kanggo ngripta samubarang kang anyar. Kedadeyan-kedadeyan kang ana ing masyarakat uga bisa diudhal sajrone karya sastra.

Sastra mligine sastra Jawa ana amarga anane kasusastran, salah sijine yaiku kasusastran Jawa modern. Kasusastran Jawa Modern ing kene nduweni wujud kang maneka warna, tuladhane ana roman, novel, crita sambung lan crita cekak. Sakabehe iku mujudake sawijining karya fiksi. Sawijining karya fiksi kang wutuh, mujudake wewangunan crita lan nggambarake jagading kang dicipta dening pangripta. *Fiksi* minangka sawijine reriptan *imajiner*, medharake maneka warna prakara manungsa lan kamanungsan, urip lan kauripan. Miturut Altenbernd lan Lewis (sajrone Nurgiyantoro, 2009:2) *fiksi* ditegesi minangka “prosa naratif kang asipat *imajinatif*, lumrahe tinemu nalar lan ngandhut bebener sarta mujudake crita dramatik bab pasrawungane manungsa.” Salah siji karya fiksi kang arupa gancaran yaiku crita sambung utawa cerbung.

Crita sambung yaiku crita rekaan kang dipacak saperangan mbaka saperangan kanthi runtut sajrone

kalawarti (Zaidan, 2007:48). Perangan crita cerbung digawe kanthi runtut lan sinambungan. Crita iki diripta kanggo dipacak saben dinane lan sengaja dipedhot ing perangan kang nggregetake. Kabeh iki kanggo narik kawigatene pamaca supaya pengin maca bacutane crita. Wujude crita sambung entheng, prasaja, lan ora ngayawara, nanging kebak tumindak kang narik kawigaten.

Cerbung nggambarake maneka warna prakara sajrone panguripane manungsa. Prakara-prakara kasebut mujudake prakara sosial kang ana ing kasunyatan urip bebrayan. Kasunyatan kasebut kaya ngenani kapitayan, adat istiadat, budaya, politik, lan sapanunggalane. Prakara sosial mau bakal dadi punjer sajrone ngandharake sawijine crita utawa lelakon.

Salah siji prakara sosial kang uga diandharake sajrone cerbung yaiku ngenani jejodhoan. Jejodhoan sajrone carita mesthi antuk pangaribawa saka prakara liyane. Prakara kang mangaribawani kasebut yaiku ngenani kulawarga lan kapitayan. Kulawarga Jawa kang isih raket pasedulurane bakal melu urun rembug jejodhoan sanak sadulure. Wong tuwa dadi perangan kang wigati kanggo mangaribawani jejodhoane anake. Kapitayan uga melu mangaribawani prakara jejodhoan, awit bebrayan Jawa tansah percaya marang mitos, mistik, lan adat kang umume ana ing bebrayan. Salah siji kapitayan kang isih diugemi yaiku kapitayan ngenani jodho. Pawongan bakal nglakoni apa wae kanggo jejodhoan, kalebu njaluk pitulungan marang dhukun lan ngetung dina kang becik. Babagan jejodhoan kalebu prakara sosiologi, dene ngenani kapitayan kang mangaribawani mlebu prakara antropologi.

Prakara kang ngandhut unsur sosio-antropologi didadekake crita sajrone salah siji karya fiksi Jawa modern. Karya fiksi kang ngandhut prakara kasebut yaiku cerbung *Enting Enting* (kang sabanjure dicekak EE) anggitané A. Soetarno. A. Soetarno minangka sastrawan Jawa modern saka tlatah Klaten. Karya-karyane tau dipacak ing kalawarti Jayabaya. Karya-karyane kasebut awujud cerkak lan cerbung. Salah sijine yaiku cerbung EE kapacak ing kalawarti Jayabaya ing taun 2014.

Cerbung iki nduweni bab-bab kang pinunjul dibandingake cerbung liyane. Kaluwihan cerbung iki bisa dideleng saka basa kang disuguhake gampang dimangerteni. Panggonan-panggonan sajrone crita ana ing kasunyatan. Saliyane iku critane ngandhut unsur jejodhoan, kulawarga, kekancan, pendhidhikan,

pangupajiwa, pangurbanan, lan kesusahan. Cerbung iki kapilih ing panliten amarga critane narik kawigaten yaiku ngenani jejodhoan kang dadi bab pinunjul sajrone crita. Cerbung EE uga durung nate diteliti sadurunge lan cerbung A. Soetarno iki kalebu cerbung kang kagolong anyar. Ing panliten iki pancen kepengin nduweni objek kang nengenake jejodhoan sarta pangaribawane kulawarga lan kapitayan Jawa kang isih diugemi.

Enting-enting digawe irah-irahan cerbung anggitane A. Soetarno. Panganan iki ing crita digawe srana kanggo jejodhoan. Panganan khas Jawa iki uga dadi irah-irahan saka cerbung anggitane A. Soetarno awit prakara-prakara kang ana sajrone crita pungkasane nyawiji dadi kahanan kang nyenengake padha kaya rasane enting-enting. Enting-enting bakale saka kacang lan gula abang. Kacang kang cacah luwih saka siji bisa kelet nyawiji karo gula abang. Kacang lan gula abang kang wis nyawiji nduwe rasa kang enak, legi, lan gurih. Padha kaya prakara-prakara babagan rasa tresna, setya, lara ati kang ana sajrone cerbung bisa kelet nyawiji dadi jejodhoan.

Jejodhoan sajrone urip bebrayan minangka kahanan kang nyenengake awit priya lan wanita bisa nyawiji mangun bale wisma kang prasaja. Jejodhoan asale saka tembung jodho tegese sapa pasang utawa jejodhoan ateges bebojoan (Poerwadarminta, 1937:96). Jejodhoan sajrone bebrayan Jawa ora bisa uwal saka pangribawane kulawarga lan kapitayan kang tansah diugemi.

Kulawarga yaiku unit paling cilik ing masyarakat kang nduwe peranan gedhe. Kulawarga nduweni fungsi kang paling wigati sajrone kalaksanane panguripane bebrayan. Sawijine kulawarga dianggep minangka sawijine sistem sosial. Bab iku jalaran kulawarga nduweni perangan-perangan sistem sosial kayata kapercayan, rasa lan pangrasa, tujuwan, peranan, titah, lan fasilitas (Ahmadi, 1997:87). Kulawarga Jawa lumrahe isih padha percaya marang adat, tradhisi lan kapitayan kang ana.

Kapitayan minangka paham kang asipat dogmatis (manut) kang kabentuk sajrone adat istiadat panguripan saben dina saka maneka warna suku bangsa kang percaya marang apa kang dipercaya dening leluhur. Masyarakat Jawa uga tansah ngugemi lan nindakake kapitayan kasebut. Kalebu kapitayan tumrap jejodhoan. Kaya kapitayan marang dhukun kanggo antuk jodho lan golek dina becik (Endraswara, 2003:38).

Anane jejodhoan lan kapitayan kang disebutake mau njalari cerbung EE narik kawigaten kanggo sawijine panliten kanthi tintingan antropologi sastra minangka panliten ilmiah. Antropologi yaiku ilmu kawruh kang nyinaoni umat manungsa minangka makhluk masyarakat (Harsojo, 1977:13). Antropologi sastra miturut Endraswara (2013:109), kalebu menyang pendekatan *arketipal*, yaiku kajian karya sastra kang nengenake marang warisan budaya jaman mbiyen. Warisan budaya

kasebut bisa dideleng sajrone reiptan sastra klasik lan modern. Mula saka iku, panliti antropologi sastra bisa ngaji kekarone sajrone bentuk paparan *etnografi*.

Saliyane ngenani antropologis, panliten iki uga migatekake kahanan sosial arupa kulawarga. Awit kahanan sosial uga nyengkuyung aspek antropologi sajrone crita. Kayata sajrone crita kasebut nyritakake ngenani pangaribawane kulawarga kanggo ngupayakake jejodhoan. Anane rong perangan, yaiku antropologi lan sosiologi kang nyawiji narik kawigaten lan laras menawa katindakake panliten nganggo tintingan sosio-antropologis. Mula saka andharan mau kapilih irah-irahan *Jejodhoan sajrone Cerbung Enting Enting Anggitane A. Soetarno: Tintingan Sosio-Antropologis*.

Tintingan instrinsik uga bakal digunakake kanggo nyengkuyung tintingan sosio-antropologi supaya bisa ngoncki perkara jejodhoan kanthi luwih jero lan gamblang. Cacah unsur instrinsik ana lima yaiku tema, paraga, alur, latar, lan amanat, saka kalima unsur kasebut mung dijupuk rong unsur kang dominan yaiku tema lan paraga. Rong unsur instrinsik mau bakal nduduhake anane perkara jejodhoan sajrone cerbung EE. Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur, kang dadi underan panliten yaiku: 1) kepriye struktur pamangune cerbung EE, 2) kepriye wujud jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, 3) kepriye pangaribawane kulawarga tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, 4) kepriye pangaribawane kapitayan Jawa tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat. Ancas panliten iki yaiku: 1) ngandharake struktur pamangune cerbung EE, 2) ngandharake wujud jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, 3) ngandharake pangaribawane kulawarga tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat, 4) ngandharake pangaribawane kapitayan Jawa tumrap jejodhoan sajrone cerbung EE lan kasunyatan ing masyarakat.

METODHE

Ancangan Panliten

Panliten iki mujudake panliten kualitatif. Panliten kualitatif yaiku salah sawijine panliten kanggo ngoncki makna sajrone dhata (Sugiyono, 2014:3). Metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku sawijine metode kang digunakake kanggo panliten adhedhasar kasunyatan sajrone kadadeyan (fenomena) lan urip saben dinane para panutur, saengga kang diasilake arupa andharan (Aminuddin, 1990:62). Panliten iki uga nggunakake pendhejatan Sosio-Antropologi Sosio-Antropologi digunakake kanggo mawas prekara-prekara sosial kang kinandhut sajrone EE. Saliyane iku, tintingan unsur instrinsik digunakake kanggo

ngonceki perangan intrinsik sajrone kasusastran. Adhedhasar unsur intrinsik mau bakal diolehi perkara jejodhoan.

Dhata dan Sumber Dhata

Sumber dhata ing panliten iki yaiku cerbung EE anggitané A. Soetarno. Cerbung iki kapacak ing kalawarti Jayabaya wiwit edhisi 42 minggu III wulan Juni 2014 nganti edhisi 05 minggu I wulan Oktober 2014. Crita iki kapacak ing rubrik crita sambung (cerbung) kang kaperang dadi 17 seri.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku sekabehane tembung lan ukara kang ana ing EE. Dhata primer utawa dhata utama kang digunakake sajrone panliten iki arupa tembung lan ukara-ukara lan paragraf kang arupa cecaturan utawa naratif kang nggambarake jejodhoan ing cerbung EE. Kanggo nyengkuyung digunakake dhata skundher, yaiku buku-buku teori, lan panliten kang saemper kanggo tujuwan supaya panliten iki ora owah saka sakawit

Instrument Panliten

Arikunto (1998:126) ngandharake yen instrumen iku mujudake piranti-piranti kang dianggo supaya metodhe-metodhe kang ditrapake ing sawijining panliten bisa cundhuk. Mula ing kene, instrumen kang digunakake diperang dadi loro yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti kang nindakake panliten. Panliti minangka alat kanggo nglumpukake dhata lan kang ngasilake analisis dhata. Instrumen panyengkuyung nggunakake lembar korpus dhata kang isine dhata-dhata pinilih kang ngandhut prakara jejodhoan. Dhata pinilih kasebut minangka dhasar kanggo njlentrehake analisis lan andharan ngenani jejodhoan. Lembar korpus dhata kang arep digunakake wujud arupa tabel. Tabel iki mujudake panyengkuyung nalika ngumpulake dhata. Dhata bisa dipilah adhedhasar prakara jejodhoan kang kinandhut.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Tata cara ngumpulake dhata dilaksanakake sawise nemtokake dhata kang arep dianalisis. Sawise nemokake dhata kang arep dianalisis banjur dikumpulake sakabehe dhata kang bakal dionceki sajrone panliten. Tata cara nglumpukake dhata sajrone panliten iki yaiku teknik studi kapustakan, maca, nyathet. Surachmad (1985:85) ngandharake yen teknik studi kapustakan yaiku ngumpulake dhata-dhata utawa bahan-bahan kang dijupuk saka sumber kapustakan sarta dokumen liya. Panliten kapustakan digunakake kanggo nyatakake sawijining cara nindakake panliten adhedhasar naskah-naskah kang wis diterbitake kang arupa buku utawa kalawarti. Teknik maca lan nyathet mujudake teknik kang digunakake

kanggo ngasilake dhata kanthi cara maca teks utawa *literatur* kang dadi sumber panliten. Maca bola-bali sawijine teks sastra bakal nuwuhake pemahaman kang beda karo mung maca sepisan wae (Ratna, 2013:18). Endraswara (2013:162-163) merang tata cara kanggo nglumpukake dhata panliten iku ana telu, yaiku: nemtokake unit analisis, nemtokake dhata, nyathet dhata.

Adhedhasar pangumpulan dhata kasebut, mula tumindak kang ditindakake kanggo pangumpulan dhata sajrone panliten iki yaiku: maca bola-bali, milih saperangan kutipan, milih dhata kang cundhuk karo konsep dhasar ngenani jejodhoan, menahi kodhe-kodhe tartamtu ing dhata panliten.

Tata cara Ngolah Dhata

Analisis ing panaliten iki nggunakake metode *hermeneutika*. Asale *hermeneutika* kanthi estimologi saka basa Yunani kang tegese nafsirake utawa nginterpretasake. Karya sastra perlu ditafsirake amarga karya sastra dumadi saka basa, lan sajrone basa akeh makna kang ora diwedharake kanthi langsung, utawa pancen ora diwedharake kanthi langsung (Ratna, 2013:45). Mula tata cara *hermeneutika* kang digunakake sajrone panliten iki yaiku kanthi maca dhata bola-bali supaya antuk tafsiran utawa gegambaran dhata kang luwih gamblang.

Adhedhasar trap-trapan kasebut, mula tata cara pangolahe dhata sajrone panliten iki yaiku:

- (1) Dhata kang wis diklumpukake lan diklompokake banjur diklasifikasi.
- (2) Dhata kang wis diklasifikasi diwenehi tetenger supaya gampang anggane menahi tandha marang objek panliten.
- (3) Dhata kang wis dijupuk, diklumpukake, diklasifikasikake lan diwenehi tetenger, banjur ditafsirake kanthi andharan.
- (4) Njlentrehake asil analisis kanthi wujud draf skripsi.

Dhata-dhata kang ana lan wis ditafsirake sajrone cerbung EE digunakake kanggo nuduhake menawa saben pethikan kang dijupuk nggambarake jejodhoan. Teori-teori kang digunakake kanggo ngonceki dhata wis dipilih. Pamilihe dhata iku kudu laras lan nyengkuyung teori kang ana lan sesambungan karo titingan sosio-antropologi sastra. Pungkasane yaiku dudutan ngenani andharan kang wis dijlentrehake. Saka dudutan iku bisa dingerteni asil kang cetha saka panliten kang wis ditindakake.

ANDHARAN

Struktur Pamangune Cerung EE

Panliten iki mujudake panliten sosio-antropologi sastra kang nggunakake cerbung EE minangka objeke. Senajan cerbung iki diadal mawa titingan sosio-antropologi sastra, nanging wawasan bab struktur

pamangune fiksi ora bisa dilirwakake. Nurgiyantoro (2009:23) ngandharake, struktur karya sastra kang mbangun karya sastra saka njero karya sastra iku dhewe (unsur intrinsik), yaiku tema, paraga (tokoh), alur, latar, lan amanat. Cacahe unsur intrinsik karya sastra ana lima, nanging ing kene bakal diandharake rong unsur dominan saka limang unsur kang ana. Unsur kang dominan sajrone cerbung EE yaiku tema lan paraga. Tema lan paraga kang diudal kasebut tetep digayutake karo sistem jejodhoan ing masyarakat.

1) Tema Cerbung EE

Diwawas kanthi tliti, tema mayor sajrone Cerbung EE ngemu tema sosial ngenani jejodhoan. Jejodhoan mujudake sesambungan tresna priya lan wanita. Sajrone cerbung iki saben paragane nduwe prakara ngenani tresna. Ana kang kepengin jejodhoan nanging priya kang ditresnani ora bisa males tresnane, ana kang durung kepengin jejodhoan nanging dipeksa dening wong tuwane lan jodho kang teka tanpa dinyana. Tema sosial ngenani jejodhoan iki, kalebu tema mayor saka cerbung EE. Bisa dideleng kayapethikan iki

(1) Kaya dirancang, Suranti, Suntoro, lan Warsini olehe padha nemokake jodhone. Dhisik dhewe Ranti, ora sida dadi tkw, ketemu Darmono. Njur Suntoro nemokake jodhone ananke kanca kenthele ibune lan isih mambu sedulur, nunggal trah Wirakusuman, yaiku Siska. Keri dhewe Warsini, rampung kuliyah, nyambut gawe, srawung karo Pratikno nasabah kantore kang bakal dadi pendhampinge (LD.N60.K152).

Seperti dirancang, Suranti, Suntoro, dan Warsini sama-sama mendapatkan jodhonya. Yang pertama Ranti, tidak bisa jadi TKW, bertemu Darmono. Selanjutnya Suntoro menentukan jodohnya anak teman dekat ibunya dan masih berbau saudara, satu trah Wirakusuman, yaitu Siska. Yang terakhir Warsini, selesai kuliah, bekerja, bertemu dengan Pratikno nasabah kantornya yang akan menjadi pendampingnya.

Andharan kasebut gegambarane wong kang khasil nemtokake pasangane kanggo jejodhoan. Jodho iku ora ana kang ngerti kapan tekane. Kaya lelakone Suranti kang ketemu karo Darmono nalika arep dadi tkw. Pungkasane dheweke ora sida budha menyang Malaysia lan nikah karo Darmono. Dene Suntoro nemokake jodhone, yaiku Siska. Siska minangka anak saka kanca kenthele ibune lan isih mambu sedulur, nunggal trah Wirakusuman. Banjur Warsini kang ketemu Pratikno nalika kerja ana ing

BPR lan pungkasane kekarone milih ngesmekake jejodhoane.

jejodhoan minangka tema mayor bisa kabentuk saka perangan-perangan kang ana. Perangan kasebut kalebu ing tema minor. Tema minor cacahe ora mung siji, lumrahe luwih saka siji lan nduwe sesambungan karo tema mayor. Tema minor sajrone cerbung iki yaiku tresna, setya, lara ati, kulawarga, lan kapitayan.

Paraga lan Pamaragan sajrone Cerbung EE

(1) Suntoro

Suntoro minangka paraga utama sajrone cerbung EE. Paraga utama yaiku paraga kang ana lan nduwe bageyan luwih sajrone crita. Suntoro mujudake paraga kang becik budine. Akeh wanita kang kepengin dadi sisihane lan wong tuwa kang kepengin ngepek mantu. Sanajan kaya mangkono dheweke durung nduwen niat kanggo jejodhoan. Pungkasane atine Suntoro kepranan nalika ketemu pisanan marang Siska anak saka kancane ibune. Pamaragan tumrap paraga Suntoro ing antarane yaiku wicaksana, gati, setya, ngati-ati.

(2) Suntoro njur ngaturake rancangane sawise matur ibune prakara Suranti kang mentas dirembug karo Warsini. Ibune meneng bae ing batin mbenerake pertikele anake kepara ngalembana kawicaksananane kaya swargi bapake (LD.N26.K144).

Suntoro menjelaskan rancangannya setelah memberi tahu ibunya masalah Suranti yang baru saja dibahas bersama Warsini. Ibunya diam saja membenarkan perbuatan anaknya yang bijaksana seperti almarhum ayahnya.

Andharan ing ndhuwur ndudohake kawicaksanane Suntoro. Ibune Suntoro mung meneng wae nalika weruh tumindak kang arep dilakoni anake. Batine mung mbenerake tumindak kang dileksanakake Suntoro. Ibune uga ngalembana kawicaksanane Suntoro kaya swargi bapake. Suntoro nyuwun pitulungane Siska kanggo ngleksanakake rancangane. Tumindake Suntoro iki dikarepake supaya ora ana salah paham karo Siska kang bakal dadi sisihane. Suntoro ngerti pangarep-arepe Suranti marang dheweke, awit sejatine kabeh iku ora bener. Suntoro mung nganggep Suranti salumrahe kanca lan ora ana rasa tresna babar pisan. Mula kanggo negesake pikirane Suranti kang kliru, dheweke nggawe rancangan kasebut lan nyuwun pitulungan marang Siska. Sawise rancangane iku khasil, pranyata Suranti malah bisa sesandhingan karo Darmono. Suntoro kanthi sesidheman mbiyantu supaya ora ana kesruh nalika upacara pernikahan kaleksanan. Dheweke njaluk

pitulungan marang kanca-kanca SMA anggota padhepokan bela dhiri sejati.

(3) Siska

Siska mujudake paraga wanita kang sulistya. Dheweke nduweni sesambungan katresnan karo Suntoro anak saka kanca SMAne ibune. Sadurunge dheweke durung mikir ngenani jejodhoan, awit tanpa kanyana dheweke ketemu karo Suntoro. Atine langsung kepilut marang priya gagah pideksa kasebut. Siska minangka paraga kang wigati banget ing crita. Wewatekane Siska yaiku eklas lan setya.

- (3) “Aja dadi atimu Mas, atiku ora bisa diontang-antingake rasa. Aku eklas nalika atiku ajur mumur ngeculake katresnanku marang wanita kang bakal dadi sisihanmu. Suwe anggonku ngilangi tumetesing luh katresnanku nganti ibu nyumelengake lamun aku kebanjur dadi prawan tuwa. Rasa tresnaku marang sapa bae kang nedya ngesokake katresnane ora bisa nangekake rasa katresnanku kang wis alum mungguhing tanduran...” (LD.N49.K150).

“jangan terlalu dipikirkan mas, hatiku tidak dapat diombang-ambingkan aku ikhlas ketika hatiku luluh lantah melepaskan cintaku pada wanita yang akan menjadi pendampingmu. Terlalu lama aku mencoba menghilangkan tetes air mata cintaku hingga ibu khawatir aku akan menjadi prawan tua nantinya. Rasa cintaku terhadap siapapun yang ingin mencurahkan cintanya tidak bisa membangunkan rasa cintaku yang sudah layu.”

Andharan kasebut ndudohake yen Siska wis eklas tenan ngeculake Puryamto. Nalika Puryamto ngejak Siska balen, Siska rumangsa yen atine ora bisa diontang-antingake. Siska kang atine tau ajur mumur ngeculake katresnane kanggo sesandhingan karo wanita liya. Anggone ngilangi lara ati uga ora sedhilut, nanging dheweke wis bener-bener eklas ngeculake Puryamto. Atine ora bisa ditangekake dening sapa wae amarga rasa tresnane kaya-kaya wis alum sawise pedhot karo Puryamto. Saiki dheweke temenan wis eklas lan lara atine wis mari amarga dheweke bakal sesandhingan karo Suntoro, priya kang khasil njiret atine.

(4) Suranti

Suranti mujudake paraga kang nduwe rasa tresna gedhe marang Suntoro. Anggone seneng karo Suntoro kawit SMA. Miturute, Suntoro iku pacare lan bakal ngrabi dheweke. Mula saka iku dheweke tansah ngenteni Suntoro lan kepengin sesandhingan karo Suntoro piye wae carane. Mula paraga iki wigati banget ing crita.

Wewatekane Suranti yaiku gedegden rumangsa lan ora bisa disemayani.

- (4) “Jane kula pun tau ngelingake aja gedegden rumangsa. Suntoro niku grapyak kalih sinten mawon. Dadi yen akrap niku mboten ateges nresnani ning mung sewates kekancan. Ning Suranti mboten ngandel salah tanpa dikira kula meri lan nyenengi Suntoro. Kula malah didohi dicuweki” (LD.N28.K144).

“Sebenarnya saya pernah mengingatkan jangan terlalu GR Suntoro itu orangnya ramah terhadap siapapun. Jadi akrab itu bukan berarti mencintai tapi hanya sebatas teman. Tetapi Suranti tidak percaya, malah salah paham dan mengira kalau saya juga tertarik pada Suntoro. Saya malah dijauhi dan dicuekin.”

Pethikan ing ndhuwur ndudohake yen Suranti ora bisa dikandhani kancane. Warsini wis ngelingake supaya dheweke ora gedegden rumangsa marang Suntoro. Suntoro iku pancen becik budine lan grapyak marang sapa wae. Jenenge wis kedadanan Suntoro, dheweke malah ora ngandel lan salah tanpa marang Warsini. Suranti malah ngira yen Warsini meri lan nyenengi Suntoro. Anggone kekancan karo Warsini bubrah, awit dheweke ngedohi Warsini. Pancen wong kang gedegden rumangsa iku angel dikandhani. Apa maneh dheweke mung ngenteni samubarang kang dikarepake teka pranyata ora teka.

(5) Darmono

Darmono salah siji paraga priya kang nduwe sesambungan tresna marang Suranti. Dheweke mendhem tresna marang Suranti wiwit SMA. Rasa tresnane marang wanodya iku ora bisa ilang nganti kekarone dipethukake maneh. Sanajan mbiyen tresnane ora ditrima dening Suranti, dheweke tansah narima lan ngenteni kanthi sabar. Darmono yakin yen jodho iku wis ana kang ngatur lan bisa uga ing tembe dheweke jejodhoan karo Suranti. Mula paraga iki wigati banget ing crita. Wewatekane Darmono yaiku sabar lan setya.

Setya tegese ngugemi janji, patuh, taat apa wae jejubahane sanajan abot tansah dilakoni. Tansah manut marang sisihan lan ngenteni sisihane nganti teka. Darmono mujudake pawongan kang nduweni sesambungan tresna karo Suranti. Dheweke nduweni rasa tresna marang wanodya ayu iku wiwit SMA. Rasa tresnane ora bisa ilang ngono wae sanajan wis ditulak karo Suranti. Dheweke tansah setya ngenteni Suranti. Kaya pethikan ing ngisor iki:

- (5) Patemone karo Suranti esuk iku kadidene nggugah macan turu. Sakala geni asmara kang wis mberlet bali murub ngalat-alat. Nanging tuwuh rasa wedi lan sumelang lamun nemoni kahanan kang gawe perihing atine merga Suranti wis duwe anak-bojo. Sawise nimbang ala becike banjur mutusake kudu inggal oleh wangsulane kang gumathok. Kalah cacak menang cacak yen wis dibuktekake. Tekade gembleng bakal ngendhang Ranti najan nemoni kahanan nglarakake ati (LD.N35.K146).

Pertemuannya dengan Suranti seperti membangunkan harimau yang sedang tidur. Seketika itu api asmara dalam hatinya kembali berkobar. Akan tetapi tumbuh rasa takut dan khawatir jika kembali menghadapi keadaan yang memicu patah hati karena Suranti sudah berkeluarga. Setelah mempertimbangkan baik buruknya, Darmono kembali memutuskan untuk secepatnya mendapatkan jawaban yang pasti. Tekadnya sudah bulat. Untuk menemui Ranti meskipun keadaannya nanti menyakitkan.

Pethikan ing ndhuwur ndudohake rasa tresnane Darmono marang Suranti kang durung ilang. Sanajan wis suwe ora ketemu, bareng ketemu maneh karo wanodya iku Darmono langsung marem. Saliyane marem, dheweke uga was-was yen ta Ranti wis nduwe anak bojo. Dheweke manek-manekake golek sisik-melike supaya kabeh pitakonane bisa kawangsulan. Sapa ngerti yen pikirane iku ora bener, dadi dheweke isih nduwe kalodhangan sesandhingan karo Suranti. Tumindake Darmno iku ndudohake yen dheweke tansah setya ngenteni tresnane Suranti. Tembung tresna kang diandharake mbiyen isih tansah dieling-eling

(6) Wong Tuwane Suranti

Rujito lan Warsiki miangka wong tuwane Suranti. Kekarone tresna banget marang anake wadon ontang-anting. Apa wae panjaluke anake bakal dituruti. Kalebu panjaluke Ranti kanggo jejodhoan karo Sunoro. Mula paraga iki wigati banget ing crita. Wewatekane Rujito lan Warsiki yaiku ora tegan lan ngugemi kapitayan.

- (6) Bengine iku wong tuwane Ranti sakloron lungguhan ana ruwang tamu, klesak-klesik rembugan wigati bab pamonthahe anake. Wis pirang-pirang dina polate cah iku suntrut mrengut wae ora sumringah kaya biyasane. yen didhedhes mboke ora mangsuli mung luhe dleweran. Maune pitakone mboke ora dijawab, ning bareng wangsulane ngagetake gawe bingung wong tuwane (LD.N22.K143).

Malam itu kedua orangtua Suranti sedang duduk di ruang tamu, berbisik membahas permintaan anaknya. Sudah beberapa hari ini ekspresi wajah anak itu cemberut saja. Tidak sumringah seperti biasanya. Ketika ditanya ibunya tidak mau menjawab, begitu mau menjawab jawabannya membingungkan orang tuanya. “Pokoknya kalau aku tidak menikah dengan Sunoro biar aku jadi prawan tua... tidak berjodoh ketika jejaka, aku sia dipoligami.”

Pethikan ing ndhuwur nggambarake rasa ora tegane wong tuwane Suranti nalika ndeleng kahanane anake. Suranti katon suntrut lan ora sumringah, yen ditakoni luhe mung dleweran. Apa maneh nalika Ranti ngendika yen ora bisa rabi karo Sunoro dheweke bakal dadi prawan tuwa. Krungu mangkono kekarone sansaya bingung kudu kepriye. Mula saka iku minangka wong tuwa, Warsiki lan Rujito bakal golek pitulungan marang kancane Ranti. Rujito ngutus Warsiki supaya menehi pangerten marang Ranti supaya bisa narima kahanan kang ana. Saliyane iku Rujito bakal njaluk tulung kancane Ranti kang isih mambu dulur, jenenge Warsini.

(7) Bu Mintro

Bu Mintro yaiku ibune Sunoro. Wanita sulistya kang tansah sabar lan wicaksana. Dheweke wis khasil ngramut Sunoro nganti dadi priya dewasa bagus, pinter, lan becik budine. Anggone ndhidhik anake dirasa durung jangkep amarga anake lanang durung gelem omah-omah. Bu Mintro nganggo kabeh cara amrih anake lanang gelem jejodhoan kalebu nggolekake jodho kanggo anake. Mula paraga iki wigati banget ing crita. Wewatekane Bu Mintro yaiku wicaksana lan ngati-ati.

- (7) Ibune ngrungokake kanthi tumemen, meneng sedhela njur mangsuli sareh, “Aku ora wani mesthekake bab gorehe atimu iku. Aja-aja iku ana gandheng cenenge karo rerasane tangga teparo sing pating ceblung iku. Mula pamrayogaku perlakna sowan eyangmu ana Mangkubumen, Solo kana. Aku yakin panjenengane bisa ngudhari ala wedine sing kok rasakake iku” (LD.N2.K138).

Ibunya mendengarkan dengan seksama, diam sebentar kemudian menjawab dengan pelan, “Aku tidak berani memastikan sebab kekhawatiran hatimu itu. Jangan-jangan hal ini berkaitan dengan omongan tetangga yang tidak jelas itu. Maka saranku sempatkan sowan Eyangmu di Mangkubumen Sala. Aku yakin beliau bisa menyelesaikan masalahmu itu.”

Pethikan ing ndhuwur ndudohake nalika Sunoro nyritakake ngipine kang ora lumrah marang ibune. Bu Mintro kang krungu critane anake satenane melu kanget. Apa maneh yen digandhengake karo rerasane tangga kang ora kepenak. Saperlu ngilangi rasa sujanane lan mesthekake, dheweke ngutus Sunoro sowan menyang eyange. Bu Mintro yakin yen eyange Sunoro luwih ngerti lan ngudhari apa kang dirasakake Sunoro.

(8) Mbah Slamet lan Mbah Gonda

Mbah Slamet lan Mbah Ganda minangka wong pinter utawa dhukun kang dijaluki tulung dening wong tuwane Ranti. Pitulungan kasebut ora liya ya kepenginane Ranti kanggo sesandhingan karo Sunoro. Dadi kekarone kang bakal nulungi jejodhoane Ranti lan Sunoro. Mula paraga iki wigati banget ing crita. Wewatekane Mbah Slamet lan Mbah ganda yaiku ngugemi kapitayan.

- (8) Mbah iku meneng sedhela, njur Rebo 7, Legi 5, gunggung 12. Kemis Paing 9, gunggung 17. Rebo karo Kemis tiba yuwana. Rebo Legi karo Kemis Paing gunggung 29 larang anak. Cocog program anak loro cukup!
“Manut petungku apik kok, isa diterusake” (LD.N3.K138).

Kakek itu diam sebentar, lalu Rabu 7, Legi 5, jumlahnya 12. Kamis Paing 9, jumlah 17. Rabu dan Kamis jatuh yuwana. Abu Legi dan Kamis Paing jumlahnya 29 sulin anak. Cocok untuk program 2 anak cukup!

“Menurut perhitunganku baik saja, bisa dilanjutkan.”

Pethikan ing ndhuwur nggambarake yen Mbah Slamet mujudake dhukun kang tansah ngugemi kapitayan Jawa. Mbah Slamet nganggo ilmu petungan Jawa kanggo ngitung jejodhoane Suranti lan Sunoro. Miturut petungane, cah loro iku cocog lan bisa diterusake. Beda dhukun beda pamanggih. Yen Mbah Ganda nduwe pamanggih kang beda ngenani sesambungane Suranti lan Sunoro. Miturut Mbah Ganda, kekarone dudu jodhone. Mula sanajan disranani ora ana gunane. Kabeh iku diandharake dening Mbah Ganda amarga dheweke nampa sasmita kang ora marengake jejodhoane bocah loro iku.

Dhukun satenane uga manungsa. Bedane, dhukun kagolong manungsa kang nduwe kekuwatan linuwih utawa bisa diarani wong pinter. Dhukun lumrahe nggunakake kasektene kanggo aweh pitulungan marang liyan. Manungsa siji lan sijine iku beda, semono uga dhukun. Dhukun siji lan sijine mesthi nduwe pambeda. Cara kanggo ngrampungake prakara uga beda, dene asile gumantung marang Gusti. Wis dadi pepesthen dene

manungsa kang ngupaya lan Gusti kang nggarisake. Wong Jawa lumrahe isih padha percaya marang dhukun.

Wujud Jejodhoan sajrone Cerbung EE lan Kasunyatan ing Masyarakat

Jejodhoan ing Jawa dadi tetenger pamangune somah anyar. Pawongan kasebut bakal pisah karo wong tuwa lan mangun bale wisma anyar. Sajrone cerbung EE anggitané A. Soetarno uga ana perangan ngenani wujud jejodhoan. Wujud jejodhoan kang ana sajrone cerbung kasebut yaiku milih jodho, nyuwun pangestu, lamaran, nemtokake dina becik, persiapan acara mantu, ijab kabul, lan temu manten. Kabeh wujud pangaribawa iku mau diandharake ing ngisor iki.

1) Milih Jodho

Wong kang bakal jejodhoan sadurunge kudu milih jodhone. Nemtokake jodho kang bakal dijak mlaku bareng. Jodho kang wis ditemtokake mesthi wis kenal siji lan sijine. Wong tuwa kudu tanggap nalika anake wis nemtokake pilihane lan matur ngenani pilihane. Wong tuwa kudu enggal negesake sesambungane anake marang calon pilihane. Anak iku minangka tanggung jawabe wong tuwa. Pihak bocah kang kurang cepet njupuk keputusan, mula wong tuwa bisa aweh tetimbangan kanthi wicaksana. Sajrone bab iki bisa saka pihak priya utawa pihak wanita kang miwiti. Bisa dideleng kaya pethikan ing ngisor iki:

- (9) “Keparenga kula damel pendekatan riyin supados mangertosi wateg lan padintenus, namung mboten rupinipun” (LD.N13.K140).

“Perbolehkanlah saya melakukan pendekatan terlebih dahulu supaya mengerti watak dan kesehariannya, tetapi tidak wajahnya.”

Pethikan kasebut ndudohake tuminadake Sunoro kang kepengin ngenal Siska dhisik. Sunoro kepengin ngenal Siska luwih jero, sanajan dheweke wis ngerti Siska lan kulawargane. Siska bakal dadi sesandhingan, mula luwih becik dheweke ora kesusu. Apa maneh sanajan wong tuwane wis kenal raket, nanging dheweke lan Siska isih mentas ketemu. Alesan kasebut kang ndadekake Sunoro durung bisa sarujuk marang panjaluke ibune kanggo ngresmekake sesambungane lan Siska. Sunoro kepengin luwih dhisik ngenal Siska supaya ora mung ngerti rupane, nanging uga ngerti atine. Ibune kang bisa ngerti karepe anake sarujuk.

Wong jejodhoan iku ora kena kesusu. Apa maneh kabeh tumindak iku luwih becik dilaksanakake kanthi alon waton kelakon. Wong kang bakal nemtokake jodhone uga kudu ngati-ati. Aja nganti mung sadrema

kenal banjur langsung jejodhoan. Wong iku ora bisa dideleng saka njaba wae, nanging uga dideleng njerone. Aja nganti kesusu jejodhoan nanging pungkasan lara ati. Watek wantune uwong iku ora mung bisa dideleng sedina rong dina, nanging perlu wektu rada suwe. Apa maneh kanggo ngerteni watek wantune wong kang mentas dikenal. Oleh wae nduweni rasa tresna nalika pisanan ketemu. Luwih prayoga maneh rasa tresna iku dibarengi karo ngenal pilihane.

2) Nyuwun Pangestu

Salah siji wujud jejodhoan yaiku nyuwun pangestu marang wong tuwa lan kulawarga liyane. Tanpa pangestu saka kulawarga mligine wong tuwa, bakal ora prayoga. Sawijine anak urip ora mung dhewe, isih ana bapak ibu lan sanak sedulur. Anak kang wis milih jodhone kudu nyuwun pangestu marang wong tuwa lan kulawargane. Rong kulawarga kang sadurunge durung kenal bakal nyawiji dadi kulawarga anyar. Sajrone nyuwun pangestu uga dilakoni sajrone cerbung EE. Bisa dideleng kaya pethikan ing ngisor iki:

- (10) Sawise nggatekake ature putrane, Eyang Ranakusumo mendel njur dhawuh karo manthuk-manthuk, “Iya, isa dibacutake. Ning coba yen wis longgar diperlokake rene karo wong tuwane. Aku pengin ngerti bocahe luwih cetha. Ana apa kok katon pedhut nggameng ngemuli omahe...” (LD.N20.K142).

Sesudah memperhatikan ucapan putranya, Eyang Ranakusumo diam lalu berkata sambil mengangguk-angguk, “Iya, bisa dilanjutkan. Tetapi ingin mengerti anaknya lebih jelas. Ada apa kok terlihat mendung menyelimuti rumahnya...”

Andharan kasebut ndudohake yen Eyang Ranakusumo uga mangestoni jejodhoane Suntoro lan Siska. Eyang Ranakusumo minangka pinisepuh saka ibune Siska. Dadi restune wigati tumrap jejodhoane Suntoro lan Siska. Sanajan wis menahi pangestu supaya sesambungane bocah loro dibacutake, eyang uga kepingin ngerti Suntoro. Dadi Suntoro lan ibune tetep kudu teka sowan marang eyang Ranakusumo.

Priya lan wanita kang wis nemtokake pilihane kudu nyuwun pangestu kanggo ngresmekake jejodhoane. Pangestu kasebut kudu ditrima saka wong tuwa lan kulawargane. Wong tuwa lan kulawarga minangka perangan kang wigati. Priya lan wanita kang bakal jejodhoan isih dadi tanggung jawabe wong tuwa, mula kudu nyuwun pangestune wong tuwa. Carane nyuwun pangestu uga ora mung sadrema lumantar tuturane salah siji wae. Luwih becik kekarone mara lan matur kanthi

langsung. Sawise wong tuwa mangestoni, dibacutake nyuwun pangestu marang kulawargane. Kulawargane kang kudu disuwuni pangestu sawise wong tuwa yaiku simbahe.

3) Lamaran

Teges lamaran yaiku panyuwune palilah saka kulawarga calon pinanganten putra marang kulawarga calon pinanganten putri. Lumrahe lamaran dileksanakake dening pihak priya, nanging uga ana pihak wanita kang nglamar priya. Bab iki antuk-antuk wae miturut kahanan kang ana Hariwijaya (2005:15). Kaya apa kang ditindakake Darmono sajrone cerbung EE, yaiku kanggo mbuktekake rasa tresnane marang Suranti, dheweke bakal nglamar Suranti. Bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (11) “Yen kowe nampa katresnanku, dibatalake ora perlu nyang Malaysia...”
“Kurang kuwat alesane.”
Darmono meneng sedhela, nggeser kursi nyedhaki Ranti nyekel tangane njur tutuke dicedhakake kupinge Ranti mbisiki alon ning cetha, “Kemis minggu ngarep wong tuwaku bakal teka nglamar kowe kanggo aku” (LD.N47.K137).

*“Kalau kamu menerima cintaku, dibatalkan saja tidak perlu ke Malaysia...”
“Kurang kuat alasannya.”*

Darmono diam sejenak, menggeser kursi mendekati Ranti memegang tangannya lalu mulutnya didekatkan telinga Ranti berbisik pelan tetapi jelas, “Kamis minggu depan orang tuaku akan datang melamar kamu untukku.”

Pethikan kasebut nggambarake kekarpane Darmono kanggo nglamar Suranti. Darmono kang nduwe rasa tresna marang Suranti kawit SMA tansah ngenteni Suranti kanggo jejodhoan. Nalika dheweke mangerteni yen Suranti isih legan, Darmono wani maju medhar tresnane marang Suranti. Wektu iku Suranti bakal lunga menyang Malaysia, weruh kahanan kasebut Darmono ora sarujuk. Dheweke ngupaya supaya Suranti ora sida budhal menyang Malaysia. Saking tresnane karo Suranti, Darmono ora gelem kelangan lan tekade wis bulet kanggo nglamar Suranti. Darmono ngendika marang Suranti yen wong tuwane bakal teka nglamar Suranti kanggo dheweke. Kekarone rumangsa wis kenal siji lan sijine, dadi wis ngerti becik lan alane. Bocah saiki uga akeh sing luwih milih jejodhoan karo kancane dhewe. Mula wong tuwa uga bakal sarujuk yen anake wis antuk jodhone. Luwi-luwih jodhone iku wis dikenal.

4) Nemtokake Dina Becik

Nemtokake dina becik minangka tradhisi masyarakat Jawa kanggo golek kaslametan. Petung minangka cara kanggo milih lan nemtokake wektu kang becik, gumantung dina becik kang sesambungan karo tradhisi. Nemtokake wektu kasebut mbutuhake taggal kang cocog karo kondisi sosial budaya masyarakat Jawa. Kabeh samubarang kang sesambungan karo kauripan masyarakat mbutuhake petungan kang tiliti lan ngati-ati supaya ora getun mburi (Suwarni, 2015:43). Padha kaya apa kang ditindakake Siska lan ibune, yaiku njaluk dina becik marang Eyang Ranakusuma kanggo ngleksanakake nenikahane kar Suranto. Bisa dideleng kaya pethikan ing ngisor iki:

- (12) Esuke, karo ngombe kopi Rujito ngomong menawa arep sowan Eyang Gondaarum saperlu matur nuwun lan nyuwun dina becik kanggo tempuking gawe (LD.N39.K147).

Paginya, sambil minum kopi Rujito berkata kalau akan sowan Eyang Gondaarum untuk berterimakasih dan minta hari baik untuk acara pernikahan.

Pethikan kasebut ndudohake Rujito kang arep nyuwun tulung Mbah Gandaarum saperlu nggolekake dina becik kanggo tempuking gawe anake. Sawise Suranti ora sida jejodhoan karo Sunoro, dheweke pamit arep lunga menyang Malaysia. Rujita minangka bapak rumangsa kuwatir banjur nyuwun tulung marang Mbah Gandaarum. Pinisepuh kasebut ngendika supaya Rujita mangestoni pilihane anake kanggo lunga menyang Malaysia. Sawise mangestoni anake kanggo lunga, pranyata Suranti ora sida budhal menyang Malaysia. Sadurung budhal, Suranti malah ketemu jodhone yaiku Darmono. Miturut Rujito apa kang dikandhakake Mbah Gandaarum sadurunge iku nggembol wadi kang becik. Rujito rumangsa yen Mbah Gandaarum minangka wong pinter lan ngerti babagan jejodhoan. Dheweke bakal ngaturake panuwun awit anake wis nemu jodhone lan bakal nyuwun dina becik marang pinisepuh kang dianggep ngerti kasebut.

5) Persiapan Acara Mantu

Kajat pawiwahan temanten mujudake begeyan saka wibawa kulawarga. Acara iki bakal antuk kawigaten saka tangga, sanak sadulur, lan konca-kanca. Mula saka iku akeh prakara kang kudu dipikirake. Masyarakat Jawa negesi kajat pernikahan iku kanthi aran mantu, tegese mengantu-antu. Pinanganten sajrone basa Jawa kang tembung asline saka tembung pinang lan ganten. "Pinang" ana ing wit kang dhuwur. Ganten kasusun saka kapur lan

suruh. Tetembungan iki tegese pinanganten priya lan wanita kang asale saka wong kang beda bakal nyawiji mangun bale wisma kang bagya Hariwijaya (2005:28). Sajrone cerbung EE iki uga ngandharake ngenani persiapan acara mantenan. Bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

- (13) "Borong Siwa Warso kapan saged tindak Jatianom. Dene Pak Martono Ketua RT 02 minangka pangarsa panitia, kula suwun kersa ngampingi Wa Warso tindak Jatianom, mekaten ugi sinten ingkang kadhapuk anggota panitia kula sumanggakaken Pak Martono," mengkono panjaluke bapak Ranti marang para waris lan tangga-teparo kang diundang (LD.N40.K147).

"Borong Siwa Warso kapan bisa pergi jatianom. Sedangkan Pak Martono Ketua RT 02 sebagai pemimpin panitia, saya minta mau mendampingi Wa Warso pergi ke Jatianom, demikian juga siapa yang menjadi anggota panitia saya persilahkan Pak Martono," seperti itu permintaan ayah Ranti kepada para waris dan tetangga yang diundang.

Pethikan kasebut nggambarake pambentuke panitia sajrone kajat mantune Rujito. Kabeh kulawarga lan tangga kang dadi panitia bakal diwenehi tugas. Tugas didum rata supaya kabeh melu kerja. Pak Martono Ketua RT 02 dipilih dadi pangarsa panitia. Rujito dhewe kang ngedum tugas-tugase panitia. Pambentuke panitia iki dikarepake supaya anggone ngleksanakake kajat mantenan ora kabotan. Saben panitia nyekel tugase dhewe-dhewe, dadi kabeh pakaryan bisa kecekel lan ora bakal rancu.

6) Ijab kabul lan Temu Manten

Dina kang wigati lan enggal ditetepake yaiku upacara inti pernikahan, mligine ijab kabul. Ijab tegese nyatakake. Pihak wong tuwa pinanganten wanita nyatakake yen Si calon mantune bakal dikawinake karo anake kanthi mas kawin tartamtu. Kabul tegese nampa utawa ngabulake. Pihak penganten priya nyatakake narima ijab saka wong tuwa pinangantin ing ndhuwur. Ijab kabul uga dilaksanakake denind Suranti lan Darmono. Kekarone padha-padha kenal lan antuk pangestu saka wong tuwa lan kulawarga. Dadi kekarone enggal ngresmekake sesambungane. Bisa dideleng kaya pethikan ing ngisor iki:

- (14) Tabuh sanga kurang seprapat ijab kabul rampung kanthi kidmat wilujeng ora ana alangan sawiji apa. Sarampunge ijab kabul penganten putri bali mlebu, dene penganten kakung ngaso ana padhepokan.

Kalodhangan bisa ketemu manten kakung ana padhepokan digunakake kancane kanthi nyalami (LD.N46.K149).

Jam sembilan kurang seperempat ijab kabul selesai dengan kidmat selamat tidak ada halangan satu apapun. Selesai ijab kabul pengantin putri kembali masuk, sedangkan pengantin pria istirahat di padeokan. Waktu bisa bertemu pengantin priya dipadepokan digunakan temannya dengan menyalami memberi selamat.

Pethikan kasebut nggambarake ijab kabule Suranti lan Darmono wis kaleksanan. Acara ijab kabul kaleksanan kanthi lancar. Kabeh kulawarga lan tamu kang teka melu seneng dene Suranti wis sah dadi sisihane Darmono. Sawise ijab kabul, penganten putri bali mlebu lan penganten kakung menyang padhepokan. Sadurunge acara temu manten lan resepsi, para tamu undangan bisa nemoni pinanganten kang lagi ngaso.

Miturut Syarak, nikah yaiku akad *serah terima* antara priya lan wanita kanthi ancas padha-padha njangkepi siji lan sijine lan kanggo mangun kulawarga kang *sakinah, mawadah, lan warohmah*. Ahlu fiqih ngendika, *zawwaj* utawa nikah yaiku akad kang sakabehe ngandhut tembung inkah utawa *tazwi*. Sajrone Undang-Undang No. 1 Taun 1974 Bab 1 Pasal 1 diandharake yen pernikahan aiku tetalen lair batin sawijine priya lan wanita minangka garwa kanthi ancas mangun kulawarga kang bagya mulya lan kekal miturut Gusti Kng Murbeng Dumadi.

Pangaribawane Kulawarga tumrap Jejodhoan sajrone Cerbung EE lan Kasunyatan ing Masyarakat

Babagan pernikahan nalika jaman mbiyen bakal diatur dening wong tuwa. Wong tuwa bakal nggolekake jodho lan tanggal becik kanggo anake. Jodho kang dipilih dudu saka kulawargane dhewe kang cedhak. Anak wadon kang wis haid bakal enggal disiyapake anggone jejodhoan. Anak kang nduweni kepinginan nyata marang priya, anggone jejodhoan bakal dileksanakake nalika umure isih enom. Kabeh iku amarga rasa kuwatire wong tuwa marang anak. Wong tuwa wedi yen anake diarani nduwe mental ala. Luwih becik enggal dileksanakake jejodhoane.

1) Nggolekake Jodho

Kulawarga mligine wong tuwa mesthi bingung yen anake wis mapan, nanging durung gelem jejodhoan. Miturut anak, bab kasebut lumrah lan ora dipikir. Beda karo wong tuwa kang tansah bingung mikir. Dadi yen nganti ngerti anake durung jejodhoan, kulawarga utawa wong tuwa bakal bingung. Semono uga kang dirasakake

Bu Mintro lan Katrin. Sawise ngerti yen anak-anake isih padha lambane, mula kekarone nduwe kekarapan bakal nyawijikake bocah loro kasebut. Bisa dideleng pethikan ing ngisor iki:

(15) Rampung keperluan bab reuni, nggone ngobrol terus ngembet gegojegan sembrana-parikena ngenani Suntoro lan Siska kang tetela isih padha lambane. Sabanjure Katrin pamit bali (LD.N10.K140).

Selesai keperluan bab reuni, obrolannya terus berlanjut mengenai Suntoro dan Siska yang ternyata masih sama sendirinya. Setelah itu Katrin pamit pulang.

Pethikan kasebut ndudohake nalika Bu Mintro lan Katrin ketemu nalika ngrawuhi adicara reuni kulawarga. Pranyata kekarone isih mambu sedulur nunggal trah Wirakusuma. Kekarone gegojegan ngenani anak-anake kang isih padha lambane. Wong tuwa kang wis kenal siji lan sijine lan ngerti yen anak-anake isih padha lambane masthi nduwe kekarapan kanggo nggandhenge bocah loro kasebut. Tumindak kasebut dileksanakake awit anake durung antuk jodho, dadi wong tuwa bakal cawe-cawe nggolekake jodho kanggo anak-anake.

2) Paring pangerten kanggo Jejodhoan

Wong tuwa nduweni jejibahan ngopeni lan nggulawentah anak-anake. Salah siji jejibahan kasebut yaiku menahi pangerten kanggo jejodhoan. Wong tuwa kudu bisa aweh sasmita marang anak prakara tresna. Anak kang durung nemokake jodhone isih dadi tanggung jawane wong tuwa. Akeh wong tuwa kang bingung nalika anake wis umur nanging durung gelem jejodhoan utawa durung nemu jodhone. Mula saka iku kanggo ngrampung prakara kasebut, wong tuwa kudu menahi pangerten. Cara kang digunakake kanggo menahi pangerten iku maneka warna. Bisa dideleng kaya ing pethikan ngisor iki:

(16) “Wiwit sesuk anakmu Ranti wenehana pangerten. Priye caramu taksekarep. Yen perlu njaluka tulung anake Wa Warso kancane Ranti sing kerep dolan rene kae,” kandhane Rujito.

“Ya. Yen pisan rung isa nyadharake dibolan-baleni. Warsini yen perlu isa ngajak kancane. Yen karo padha-padha kanca sabarakan mbokmenawa atine bisa digugah.”

“Nggih, sesuk tak silaturahmi nyang Wa Warso,” kandhane ibune Ranti sing semeleh, turune nglepus ora kaya wingi-wingi sadurunge sing tansah goreh nggagas anake... (LD.N30.K144).

“Mulai besok anakmu Ranti kamu beri tahu pengertian. Bagaimana caramu terserah. Kalau perlu minta tolong anaknya Wa Warso temannya Ranti yang sering main kesini itu,” perintah Rujito.

“Ya. Kalau satu kali belum bisa menyadarkannya diulangi. Warsini kalau perlu bisa mengajak temannya. Kalau dengan teman-teman sebayanya siapa tahu hatinya bisa bangun.”

“Iya, besok aku silaturahmi ke rumah Wa Warso,” jawaban ibu Suranti, tidurnya pulas tidak seperti kemarin-kemarin sebelumnya tidak tenang merasakan anaknya.

Pethikan kasebut nggambarake wong tuwane Suranti kang bingung marang kahanane anake. Suranti ora gelem nikah yen ora karo Suntoro. Wong tuwane wis nggolekake srana teka ngendi-endi kanggo jejodhoane anake. Pranyata upayane ora kasil kabeh. Suntoro ora bakal bisa jejodhoan karo anake. Dadi Rujito lan Warsiki bakal menahi pangerten marang anake. Pangerten saka wong tuwane ora mempan kanggo Suranti. Pungkasane kekarone bakal nyuwun tulung marang kancane anake yaiku Warsini. Warsini bakal dijaluki tulung kanggo menahi pangerten marang Suranti. Saumpama diomongi pisan durung kena, bisa dibolan-baleni. Warsini uga bisa ngejak kancane supaya Suranti bisa luwih ngerti. Wong tuwane Suranti bakal menahi pangerten lumantar Warsini amarga ora tega nyawang anake terus nelangsa krana Suntoro. Karepe kanthi cara iki Suranti bakal gelem narima lan bisa jejodhoan karo priya liya. Kekarone yakin Warsini bakal gelem menahi pangerten awit dheweke minangka kanca lan isih sedulur karo Suranti. Wong tuwane Suranti ora pengin yen anake dadi prawan tuwa. Apa maneh Suranti minangka anak ontang-antinge kang banget ditresnani.

3) Paring Pangestu kanggo Jejodhoan

Salah siji pangaribawa kulawarga kanggo jejodhoan yaiku mangestoni anake utawa kulawarga liyane kang bakal ngleksanakake jejodhoan. Tanpa pangestu saka kulawarga mligine wong tuwa, bakal ora prayoga. Ana bapak ibu lan sanak sedulur kang tansah nyengkuyung. Pangestu wong tuwa kanggo anak pancen wigati. Tanpa pangestu wong tuwa bisa wae ora apa-apa lan ora bakal dadi sapa-sapa. Anak lan wong tuwa mesthi tau nduwe pambada, amarga dhasare manungsa iku ora ana kang bener-bener cocog. Wong tuwa ora bakal pegel marang anak sanajan anake salah. Pangestu wong tuwa minangka pangestu Sang Pangripta. Donga wong tuwa minangka donga kang mujarab kanggo kamulyan anake. Sawijine nenikahan uga dianggep sah miturut agama yen syarat lan rukune jangkep, kalebu wali yaiku wong tuwane. Wong tuwane Ranti tansah mangestoni anake.

kekarone melu seneng nalika Darmono bakal jejodhoan karo anake. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

- (17) Wong tuwane Ranti cen ora kabotan anake srawung karo Darmono wong bareng isih SMA ya wis jedhal-jedhul teka. Atine wong tuwa kang pana babagan rasa asmara krasa yen Darmono iku mambu ati nang Ranti. Ning merga kalah pamor karo Suntoro, Darmono ngalah mundur. Apa tekane Darmono iki isa nggawa angin seger tumrap uripe Ranti, wong tuwane sakloron durung ngerti (LD.N41.K147).

Orang tuanya Ranti memang tidak keberatan anaknya berteman dengan Darmono apalagi ketika masih SMA sudah biasa datang. Hati orang tua yang mengerti tentang rasa asmara sudah tau kalau Darmono itu ada hati kepada Ranti. Tetapi karena kalah pamor dengan Suntoro, darmono ngalah mundur. Apa datangnya darmono ini bisa membawa angin segar terhadap hidupnya Ranti, orang tuanya belum mengetahui.

Pethikan kasebut nggambarake yen wong tuwane Suranti wis mangestoni Darmono lan Suranti. Saliyane wis kenal amarga mbiyen asring dolan menyang omahe, wong tuwane Ranti uga wis ngerti yen kawit mbiyen Darmono nresnani anake. Warsiki lan Rujito marem dene Darmono teka ing wektu kang pas yaiku nalika Suranti nandang lara ati amarga Suntoro. Wong tuwa kasebut nduweni pepenginan supaya Darmono bisa dadi jodhone Suranti salawase. Kahanan kang gawe marem atine wong tuwa yaiku nalika anake bisa nemokake jodhone lan bisa jejodhoan.

Pangaribawane Kapitayan tumrap Jejodhoan sajrone Cerbung EE lan Kasunyatan ing Masyarakat

Kapitayan yaiku anggapan utawa keyakinan yen samubarang kang dipercaya iku bener lan nyata. Kapitayan-kapitayan iku mau tumbuh ing sakupenge masyarakat, kaya dene kapitayan Jawa. Kapitayan Jawa nganti saiki isih dipercaya lan diugemi dening masyarakat Jawa. Awit kapitayan kasebut uga dadi pangaribawa kanggo jejodhoan. Pangaribawa kapitayan kanggo jejodhoan iku mau uga diandharake ing cerbung EE anggitané A. Soetarno. Wujude yaiku percaya marang dhukun, percaya dina becik utawa ilmu petungan. Kabeh wujud kapitayan iku mau diandharake ing ngisor iki.

1) Percaya marang Dhukun

Bab ngenani dhukun pranyata isih ana ing cerbung EE iki. Para paraga padha njaluk pitulungan dhukun kanggo jejodhoan. Kaya wong tuwane Suranti njaluk pitulungan dhukun kanggo nyembadani kepinginane

anake kang kepengin jejodhoan karo Suntoro. Saliyane iku, bapake Suntoro mbiyen uga tau kena guna-guna amarga mangan enting-entig. Kabukten ing pethikan ngisor iki:

(18) Mula ora mbuwang wektu sisihane njur dijak sowan ramane, Eyang Satra Atmaja ing Mangkubumen, Solo. Asiling panaliti bener Sumitro kena guna-guna lali purwaduksina gara-gara mangan enting-enting, ngono iku mbiyen (LD.N12.K140).

Oleh karena itu tidak membutuhkan waktu lama lalu suaminya diajak datang ke ayahnya. Eyang Sastra Atmaja di Mangkubumen, Solo. Hasil penelitian benar Sumitro terkena guna-guna lupa purwaduksina gara-gara makan enting-enting begitu dulunya.

Andharan kasebut ndudohake yen Bu Mintro tansah ngati-ati sajrone ngleksanakake tumindake. Sisihane diarani kepilut wanita liya dijaksowan ramane supaya ngerti sisik-melike. Ibune Suntoro luwih milih nggoleki bab kang njalari kahanan kasebut supaya ngerti bener salahe. Pranyata pangrasa alane Bu Mintro bener. Sisihane bisa kaya mangkono jalaran mangan enting-enting. Nalika kedadeyan kang saemper mbiyen dumadi ing omahe saiki nuwuhake rasa cubriyane. Kabeh wong kudu tansah ngati-ati saben nglakoni urip ing ndonya iki. Wong kang bakal tumindak ala iku ana ing ngendi wae. Ora bakal nyawang kurbane isih legan apa ora. Bale wisma saiki akeh kang bubrah krana kena guna-guna. Akeh wong kang kepengin ngrusak bale wismane liyan kanggo nggayuh kepenginane. Anggone ngleksanakake tumindak ala kasebut ora liya ya lumantar pitulungane dhukun. Dhukun kang ana ing masyarakat iku maneka warna. Akeh-akeh padha nuruti apa kang dikarepake pasiene.

2) Percaya marang Ilmu Petungan

Petungan dhewe ateges cara ngitung wektu-wektu sarta tanggal-tanggal sing apik. Anggone ngitung kanthi nengenake limang dina pasaran, tanggal-tanggal wigati kang ditemtokake ing sistem-sistem penanggalan Jawa. penanggalan Jawa kasebut kang digunakake masyarakat Jawa kanggo maneka warna tujuwan (Koentjaraningrat, 1994:421). Cerbung EE uga ngemot ngenani ilmu petungan. Prakara iki nggenah ana lan bisa dideleng saka wong tuwane Suranti, Suntoro, lan Siska kang ngleksanakake petungan lan golek dina becik kanggo jejodhoane anak-anake. Bab iku kaya pethikan ing ngisor iki.

(19) Mbah iku meneng sedhela, njur Rebo 7, Legi 5, gunggung 12. Kemis Paing 9, gunggung 17. Rebo karo Kemis tiba yuwana. Rebo Legi karo Kemis Paing gunggung 29 larang anak. Cocog program anak loro cukup!

“Manut petungku apik kok, isa diterusake.”
(LD.N3.K138).

Kakek itu diam sebentar, lalu Rabu 7, Legi 5, jumlahnya 12. Kamis Paing 9, jumlah 17. Rabu dan Kamis jatuh yuwana. Abu Legi dan Kamis Paing jumlahnya 29 sulin anak. Cocok untuk program 2 anak cukup!

“Menurut perhitunganku baik saja, bisa dilanjutkan.”

Pethikan kasebut nggambarake yen Mbah Slamet nganggo kapitayan ilmu petungan kanggo jejodhoane Suranti lan Suntoro. Miturute Mbah Slamet, petungan dina lan wetone bocah loro iku apik lan bisa diterusake. Rujito kang krungu percaya lan marem, dene anake bakal bisa sesandhingan karo Suntoro.

Jodho dianggep minangka bab kang wigati, awit pawongan kasebut bakale urip dijakmlaku bareng urip bebarengan mangun bale wisma. Petungan kang tiba becik minangka donga kang dikarepake wong tuwa. Petungan kang tiba ala, dikarepake calon pinanganten luwih ngati-ati sarta dedonga marang Gusti. Weton-weton kang bisa dideleng cara ngitunge yaiku neptu utawa dina kelairan calon pinanganten diitung nilaine.

Pamrayoga

Adhedhasar panliten ngenani jejodhoan ngrembaka sajrone cerbung EE kang diandharake ing bab-bab sadurunge, pranyata isih akeh banget pangaribawa tumrap jejodhoan kang isih diugemi dening masyarakat Jawa. Mula, panliten iki kaajab bisa dadi sumbangsih tumrap panliten sastra liyane. Mligine kang mawa tintingan Sosio-Antropologi, senajan isih akeh sing kurang lan isih akeh tembung-tembung kang durung sampurna.

Panliten iki kaajab bisa nambah kawruhe para pamaos ngenani makna jejodhoan sajrone bebrayan Jawa kang tumeka saiki isih diugemi. Panliten iki bisaa uga dadi tuladha kanggo masyarakat amrih bisa ngundhuh bab-bab kang becik lan ngadohi bab kang ala.

Kapustakan

Ahmadi, H. Abu. 1997. *Ilmu Sosial Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta

Aminuddin. 1990. *Pengembangan penelitian Kualitatif: Dalam Bidang Bahasa dan Sastra*. Malang: HISKI (Himpunan Sarjana Kesusastraan Indonesia)

Arikunto, Suharsimi. 1998. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta

- Doyodipuro, Ki Hudoyo. 2002. *Horoskop Jawa Misteri Pranata Mangsa*. Semarang: Dahara Prize
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Mistik Kejawaen: Sinkretisme, Symbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi
- _____. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS
- Hariwijaya, M. 2005. *Perkawinan Adat Jawa*. Jogjakarta: Hanggar Kreator
- Harsojo. 1977. *Pengantar Antropologi*. Bandung: Binacipta
- Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Rineka Cipta
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Poerwadarminta, WJS. 1937. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: J.B Woltr's Uigeverest Maatschappij
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Soetarno, A. 2014. *Enting Enting*. Surabaya: Jayabaya Edhisi 42-05 Juni-Oktober.
- Sugiyono. 2014. *Metode Pedelitan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Surachmad. 1985. *Pengantar Penelitian Dasar, Metode Dan Teknik*. Bandung: Tarsito
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Bintang
- Zaidan, Abdul Rozak. 2007. *Kamus Istilah Sastra*. Jakarta: Balai Pustaka

